

### **BAB III**

#### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode mangrupa léngkah atawa stratégi panalungtikan anu bakal dilaksanakeun. Metode mangrupa cara-cara pikeun maham hiji objék, hiji masalah (Ratna, 2017, kc. 348) Léngkah kasebut raket patalina jeung prosés analisis data, sangkan kaluar istilah kualitatif jeung kuantitatif (Endraswara, 2020, kc. 51). Sukmadinata, (2010) nyebutkeun yén metode panalungtikan mangrupa runtuyan cara atawa kagiatan dina ngalaksanakeun panalungtikan anu didasaran ku asumsi-asumsi, sawangan-sawangan filosofis jeung ideologis, patalékan jeung isu-isu nu dihareupan. Dumasar kana sawangan para ahli ngeunaan metode panalungtikan, bisa dicindekkeun yén metode panalungtikan téh mangrupa cara atawa léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan.


Sangkan panalungtikan lumangsung lancar, tangtuna diperlukeun pamarekan panalungtikan. Pikeun nalungtik carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna anu ngarojong kana carita lauk déwa di Kabupatén Kuningan digunakeun pamarekan kualitatif. Ieu luyu jeung pamadegan Endraswara, (2020, kc. 51) yén kualitatif raket patalina jeung analisis data anu teu ngagunakeun itung-itungan statistik, tapi mangrupa kekecapan. Sukmadinata, (2010, kc. 60) nyebutkeun yén panalungtikan kualitatif mangrupa hiji panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénomena, kajadian, kagiatan sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, jeung pola pikir manusa boh sacara individu boh kelompok. Ieu luyu jeung panalungtikan anu bakal dilaksanakeun, sabab panalungtikan bakal museur kana ngolah data hasil ti lapangan ngaliwatan kekecapan atawa kalimah nu disusun pikeun ngahasilkeun kacindekan.

Pamarekan panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kualitatif. Métode anu digunakeun nyaéta métode déskriptif, kalayan téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik observasi, dokumentasi, jeung wawancara. Hasil observasi, dokumentasi jeung wawancara di lapangan tuluy ditranskripsi kana wangun tulisan tuluy dianalisis ngagunakeun métode déskriptif

analitis pikeun ngaguar struktur, jeung ajén étnopédagogi tina dongéng lauk déwa jeung dongéng séjénna di Kabupaten Kuningan.

### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan mangrupa gambaran léngkah-léngkah dina panalungtikan nu miboga fungsi pikeun nyangking hiji logika dina panalungtikan. Sangkan leuwih jéntré, desain panalungtikan bisa ditilik dina bagan 3.1 di handap.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

### 3.2 Tempat Panalungtikan

Nu jadi objék panalungtikanna nya éta carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna anu ngarojong kana carita lauk déwa di Kabupatén Kuningan. Cara nangtukeun tempat panalungtikan nya éta ku cara studi pustaka jeung study


Edi Rohaedi, 2023

*Carita Rayat Lauk Déwa jeung Dongéng Séjénna di Lima Kacamatan Kabupatén Kuningan (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

langsung ka lapangan. Ayana dongéng lauk déwa raket patalina jeung daérah-daérah nu tangtu tempat hirupna lauk déwa di Kabupatén Kuningan. Sakumaha disebutkeun ku Ekadjati (2003, kc. 14) hirup sajenis lauk kancra atawa nu disebut lauk déwa ku masarakatna, nya éta di Cigugur, Darmaloka, Linggarjati jeung Cibulan.

Sabada dipaluruh, masih aya lokasi ayana lauk déwa di Kuningan nyaéta di Pasawahan, sakumaha pangalaman panalungtik basa KKN di taun 2013 kungsi nyarita jeung kuncén di Balong Kambang Pasawahan yén di Pasawahan gé aya lauk kancra bodas atawa lauk déwa anu leuwih dipikawanoh ku sebutan lauk sampalu nu sarua miboga carita. Katambah katerangan ti kuncén balong Darmaloka anu nyebutkeun lauk déwa kasebar di lima tempat nya éta Balong Darmaloka, Balong Cigugur, Balong Cibulan, Balong Dalem Jalaksana, jeung Balong Kamba Pasawahan. Najan aya katerangan anu béda antara Ékadjati jeung kuncén, Ku kituna panalungtik nyindekkeun tempat nu baris dipaké panalungtikan, nya éta lima kacamatan anu jadi puseur ayana lauk déwa di Kuningan. Éta kacamatan téh nya éta Kacamatan Darma, Kacamatan Cigugur, Kacamatan Jalaksana, Kacamatan Cilimus, jeung Kacamatan Pasawahan.



Gambar 3.1 Peta Kabupaten Kuningan (Tempat Panalungtikan)

### 3.3 Data jeung Sumber Data

Naskah dongéng lauk déwa mangrupa hasil studi pustaka tina dongéng meunang transkripsi tina wangun lisan kana wangun tulisan anu mangrupa sumber data utama dina ieu panalungtikan. Data hasil ti lapangan anu masih mangrupa

Edi Rohaedi, 2023

*Carita Rayat Lauk Déwa jeung Dongéng Séjénna di Lima Kacamatan Kabupatén Kuningan (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogi)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

rekaman jeung tulisan hasil meunang ti lapangan, dikumpulkeun ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data. Aya dua data nu dipaluruh ku panalungtik nyaéta data primer jeung data sekunder.

- 1) Data primer mangrupa data dina wangun vérbal atawa basa lisan, paripolah subjék atawa informan patali jeung variabel panalungtikan atawa data hasil wawancara langsung ti informan (Arikunto, 2010, kc. 22).
- 2) Data sekunder mangrupa data hasil tina téhnik ngumpulkeun data pikeun ngajegkeun data primer. Data ieu bisa dihasilkeun ngaliwatan observasi ogé studi pustaka. Data sekunder bisa mangrupa dokumén-dokumén grafis saperti catetan, SMS, poto, jeung sajabana (Arikunto, 2010, kc. 22)

Jadi, sumber data dina ieu panalungtikan nya éta carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna anu aya patalina jeung carita lauk déwa di lima Kacamatan Kabupatén Kuningan luyu jeung ayana lauk déwa (Balong Darmaloka Désa/Kacamatan Darma, Balong Cigugur Désa/Kacamatan Cigugur, Balong Cibulan Désa Maniskidul jeung Situs Balong Dalem Désa Babakanmulya Kacamatan Jalaksana, Balong Linggarjati Désa Linggarjati Kacamatan Cilimus, jeung balong kambang Désa/Kacamatan Pasawahan) ku cara observasi langsung ka lapangan, wawancara jeung para informan nu apal kana carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna, nu saterusna didokumentasikeun kucara dipoto, jeung direkam.

### **3.4 Tehnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan dibagi dua, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### **3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Panalungtikan bisa lumangsung lamun aya data. Ku kituna, diperlukeun téhnik pikeun ngumpulkeun data. Sangkan ieu panalungtikan lumangsung dumasar kana rarancang panalungtikan, tangtuna diperlukeun téhnik ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan baris ngagunakeun téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

- 1) Teknik Observasi

Observasi (*observation*) mangrupa hiji téhnik atawa cara pikeun maluruh data ku jalan ngayakeun observasi kana kagiatan anu keur lumangsung dilapangan

(Sukmadinata, 2010, kc. 220). Ieu téhnik digunakeun ku panalungtik pikeun nangtukeun tempat panalungtikan jeung maluruh dongéng lauk déwa di Kabupatén Kuningan hususna di lima Kacamatan nu aya lauk déwa. Lian ti éta, dipiharep ieu téhnik bisa meunangkeun informasi kaayaan sosial budaya masarakat di tempat panalungtikan.

## 2) Téhnik Wawancara

Wawancara loba digunakeun dina panalungtikan kualitatif, malah bisa disebut salaku téhnik ngumpulkeun data nu utama. (Sukmadinata, 2010, kc. 217). Dina kagiatan ngumpulkeun data hususna dongéng lauk déwa diperlukeun kagiatan wawancara langsung ka palaku carita sangkan informasi anu dibeunangkeun leuwih akurat. Nurutkeun Danandjaja (2007:195-196), aya dua téhnik wawancara pikeun kaperluan panalungtikan, nya éta wawancara *directed* jeung wawancara *non directed*. Dua téhnik ieu miboga tujuan nu sarua, nya éta sangkan informan jeung panalungtik bisa leuwih akrab. Utamana, nya éta pikeun ngaéksplorasi dongéng lauk déwa di Kabupatén Kuningan, ngawengku téks lisan jeung citak, sarta informasi patali jeung kaayaan sosial budaya di sabudeureun tempat panalungtikan.

## 3) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun fakta-fakta, bukti, profil daérah, sarta sakabéh data nu patali jeung panalungtikan. Alat nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta alat rékam; mangrupa kaméra, *handphone*, jeung alat séjénna nu sipatna bisa ngadokuméntasikeun.

### 3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Objék panalungtikanna mangrupa dongéng lauk déwa jeung dongéng séjénna anu ngarojong kana carita lauk déwa nu sumebar di lima tempat/Kacamatan dumasar kana ayana kahirupan lauk déwa di Kabupatén Kuningan. Data meunang observasi, wawancara, jeung dokumentasi ti lapangan nu mangrupa rékaman saterusna dipilah-pilah dumasar kana tempat sumebarna. Data tuluy ditranskripsi tina wangun lisan (hasil rekaman) kana wangun tulisan. Keur ngaguar stukturana ngagunakeun téhnik analisis eusi (*content analysis*) ngagunakeun pamarekan

struktural Vladimir Propp, jeung analisis heurmeuneutik keur ngaguar ajén étnopedagogi nu nyampak dina éta carita rayat.

Sabada data dikumpulkeun, tuluy dianalisis ngaliwatan léngkah-léngkah atawa tahapan ngolah nyaéta:

- 1) ngaregepkeun hasil rékaman ti informan laju ditranskripsi kana wangun tulisan;
- 2) ngadéskripsikeun dongéng jeung nyieun papasingan dumasar kana asal caritana;
- 3) maca jeung maham kana eusi carita dongéng lauk déwa tina masing-masing vérsi/asal tempat;
- 4) unggal dongéng nu tos mangrupa wangun tulisan saterusna dianalisis ngagunakeun pamarekan struktural Vladimir Propp kalayan téhnik analisis eusi (*content analysis*);
- 5) ngadéskripsikeun babandingan struktur dongéng anu kapaluruh;
- 6) nganalisis ajén étnopedagogik tina masing-masing carita, ngagunakeun téhnik heurmeuneutik ;
- 7) ngadéskripsikeun ajén étnopedagogik tina masing-masing carita;
- 8) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

### 3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumén nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang jeung hasilna bakal hadé, hartina cermat, lengkep, sistematis sangkan hasilna gampang diolah (Arikanto:203). Instrumen nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pedoman observasi, pedoman wawancara, kartu data, sarta alat nu digunakeun nya éta kamera (*handphone*), alat rékam, jeung catetan lapangan. Anapon pedoman observasi, pedoman wawancara, jeung kartu data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

Tabél 3.1  
Pedoman Observasi

No	Pedoman
1	Maluruh langsung ka lokasi panalungtikan.
2	Nitenan kaayaan masarakat di lokasi panalungtikan.
3	Niténan kaayaan balong nu aya lauk déwa di lokasi panalungtikan.
4	Néang informasi nu apal carita rayat lauk déwa jeung dongéng séjénna nu aya patalina jeung lauk déwa.
5	Wawancara jeung informan

Tabél 3.2  
Pedoman wawancara

Waktu jeung Tempat Wawancara		
Tempat	:	
Poé/Tanggal	:	
Jam	:	
No	Identitas informan	
1	Ngaran	:
2	Umur	:
3	Padumukan	:
4	Pakasaban	:
5	Atikan	:
6	Basa sapopoé	:
7	Kalungguhan di masarakat	:
Draft Patalékan		
1	Sakaterang Bapa/Ibu/Akang Tétéh kumaha ceunah carita/dongéng lauk déwa di ieu patempatan téh?	Kajawab/Henteu
2	Kenging ti saha ieu carita atawa dongéng téh? Taun sabaraha kinten-na ieu caritaan katampi the?	Kajawab/Henteu
3	Salian ti carita lauk déwa, aya dongéng naon deui di ieu patempatan?	Kajawab/Henteu
4	Naha aya patalina carita lauk déwa jeung kamekaran sajarah Désa atawa sajarah Kuningan atawa sajarah Karajaan atawa sajarah kamekaran Islam di Kuningan?	Kajawab/Henteu
5	Ieu dongéng téh tangtuna miboga fungsi keur masarakat, boh masarakat baheula boh masarakat kiwari. Kumaha fungsina?	Kajawab/Henteu
6	Kumaha tanggepan atawa réspon masarakat kana ieu carita atawa mitos ngeunaan lauk déwa?	Kajawab/Henteu
Hasil Wawancara		



1	Déskripsi dongéng lauk déwa	
2	Ti saha kening caritaan téh? Taun sabaraha?	
3	Dongéng mitos séjen salian ti carita lauk déwa	
4	Patalina carita lauk déwa jeung kamekaran sajarah Désa atawa sajarah Kuningan atawa sajarah Karajaan atawa sajarah kamekaran Islam di Kuningan	
5	Fungsi di masarakat baheula boh masarakat kiwari	
6	Tanggapan atawa réspon masarakat	

Anapon instrumén pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data analisis. Kartu data dipaké ku panalungtik pikeun ngolah data tur nganalisis struktur jeung ajén étnopedagogik. Kartu data analisis nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta:

Tabél 3.3 Kartu Data Analisis Struktur Vladimir Propp

<b>Kartu Data</b>	
<b>Analisis Struktur Naratif Vladimir Propp.</b>	
<b>Kode Data :</b>	
<b>Fungsi :</b>	
<b>Cutatan :</b>	
<b>Analisis :</b>	

Tabel 3.4 Kartu Data Analisis Ajén Étnopédagogi

<b>Kartu Data</b>	
<b>Analisis Ajén Étnopédagogik</b>	
<b>Kode Data :</b>	
<b>Ajén :</b>	
<b>Cutatan :</b>	
<b>Analisis :</b>	